

# Jwenn Pwoteksyon nan NYC!

avèk asirans sante pandan Enskripsyon Espesyal la



Jwenn oswa espere  
jwen yon evènman ki  
chanje lavi ou?

## OU PA BYEN KONNEN SI OU KALIFYE?

Pa gen pwoblèm – ou kapab aplike nenpòt lè pou chèche konnen nan NY State of Health.

pwogram asirans sante piblik tankou Medicaid, Essential Plan, ak Child Health Plus disponib pandan tout ane a.

Asirans sante prive disponib pandan enskripsyon lib oswa si ou gen yon evènman admisib.

## MEN KÈK EGZANP EVÈNMAN ADMISIB:

- Si ou marye, oswa si ou antre nan yon relasyon patenarya nan kay
- Si ou vin ansent oswa si you gen yon tibebe
- Si ou chanje kondisyon imigrasyon ou
- Si ou chanje djòb
- Si ou vin viv nan New York oswa si ou kite yon konte pou viv nan yon lòt konte
- Si ou pèdi pwoteksyon asirans sante ou

## Ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ant 1<sup>ye</sup> Fevriye ak 31 Oktòb

### Kisa chwa pwoteksyon mwen yo ye?

Si ou pa kapab jwenn pwoteksyon nan yon djòb oswa nan men manm fanmi ou, ou kapab jwenn chwa pwoteksyon ki pa koute chè avèk **NY State of Health**.

### Avèk **NY State of Health**:

- Aplike sou entènèt, nan telefòn oswa fas-a-fas. Gen èd nan telefòn ak fas-a-fas ki disponib nan anpil lang
- Jwenn èd pou enskri nan nenpòt plan sante Mache Asirans ou kalifye pou li
- Ranpli yon fòm aplikasyon pou konnen si ou kapab jwenn èd finansye
- Konjwen menm sèks yo kapab resewva yon kredi nan taks pou ede yo achte asirans prive si yo kalifye dapre revni yo epi yo ranpli fòm deklarasyon taks yo ansanm

Ou kapab achte asirans prive dirèkteman nan yon konpayi asirans, men ou p ap resewva èd finansye si ou fè sa.



FLY 934 (D)  
Rev. 02/16

### Kisa pou mwen fè si mwen te rate peryòd enskripsyon lib la?

Si ou gen sèten evènman ki chanje lavi ou, ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal. Si u kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal, ou kapab ale sou sitwèb **NY State of Health** pou:

- Enskri imedyatman pou nouvo pwoteksyon oswa pou chanje plan sante ou—ou pa gen pou rete tann jouk nan pwochen peryòd enskripsyon lib la
- Nan kèk ka, ou dwe deja gen pwoteksyon sante pou chanje li

### Peryòd enskripsyon espesyal yo limite nan tan

- Si ou gen asirans oswa si w ap gen asirans poukont ou, ou dwe ajè anvan 60 jou apre evènman admisib la
- Kontakte **NY State of Health** byen bonè otank posib
- Si ou resewva pwoteksyon nan djòb ou, ou ka sèlman gen 30 jou apati moman evènman admisib pou fè yon chanjman avèk patwon ou

## Mwen te enskri pou yon plan sante pandan dènne peryòd enskripsyon lib la. Kijan mwen kapab fè chanjman ladan?

Si ou gen yon evènman admisib, kontakte **NY State of Health** pou chanje plan sante ou. Ou kapab chanje plan ou tou pandan pwochen peryòd enskripsyon lib la.

## Èske m ap kontinye wè doktè mwen?

Si ou renmen doktè ou yo, mande yo ki plan sante yo aksepte.

Sou sitwèb **NY State of Health**, ou kapab fè rechèch dapre doktè ak lopital pou ki konpayi asirans ki gen kontra avèk yo.

## Kisa pou mwen fè si mwen pa gen asirans epi si mwen bezwen ale kay doktè?

Si ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen sante, ou kapab toujou jwenn li nan Vil New York. Sistèm lopital piblik Vil la (NYC Health + Hospitals) ak sant sante kominotè yo bay swen medikal sou baz yon frè redui, selon revni ou.

Ale sou sitwèb [nyc.gov/hilink](http://nyc.gov/hilink) pou jwenn plis enfòmasyon sou resous swen sante pou moun ki pa gen asirans.

## Kisa pou mwen fè si mwen pa gen asirans epi si mwen bezwen swen sante seksyèl ak swen sante repwodiktif?

Swen sante repwodiktif gratis ak konfidansyèl, tankou tès depistaj prevantif ak tès STI, disponib pou gason ak fanm kalifye nenpòt avèk Family Planning Benefit Program. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sitwèb [nyc.gov/hilink/famplan](http://nyc.gov/hilink/famplan).

## Èske kondisyon imigrasyon mwen enpòtan si mwen bezwen asirans sante?

Sa depan. Nenpòt moun kapab ale sou sitwèb **NY State of Health** pou konnen chwa li pou asirans sante. Kèk pwogram limite pou sèten kalite imigran:

- Sitwayen ameriken, moun ki gen grinkat, ak lòt moun ki prezan legalman\* kapab gen aksè nan asirans sante piblik ak oswa prive nan NY State of Health
- **Tout** timoun kalifye pou Child Health Plus kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo
- **Tout** fanm ansent ki pa touche ase revni kapab resewva Medicaid, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo
- Kèk imigran, tankou Aksyon Difere pou Timoun ki Rive nan Peyi a, kapab kalifye pou Medicaid men pa pou asirans prive nan NY State of Health
- Imigran ki pa gen papyè imigrasyon epi ki pa touche ase revni kapab apwouve davans pou Medicaid k ap pwoteje yo pou pwoblèm sante annijans SÈLMAN

**\*Rezidan ki prezan legalman gen ladan rezidan pou yon ti tan, tankou etidyan ki gen yon viza valab.**

Si kondisyon imigrasyon ou chanje ou ka kalifye pou enskri pandan peryòd enskripsyon espesyal nan chwa pwoteksyon avèk **NY State of Health**.

Tout rezidan yo kapab aplike pou pwoteksyon dirèkteman avèk konpayi asirans prive.

**Si ou gen asirans sa p ap anpeche ou resewva yon grinkat ou, sa p ap anpeche ou vin sitwayen ameriken, oswa sa p ap anpeche ou sipòte yon manm fanmi ou.**

## POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

RELE 311 oswa 1-855-355-5777

ALE SOU SITWÈB NY State of Health nan  
[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

VOYE TÈKS CoveredNYC nan 877877  
pou jwenn èd gratis fas-a-fas

